**दिन—बुधवार** **दिनांक—23.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानमंडलक मानसून सत्रक तेसर दिन सेहो आइ विपक्षी सदस्य लोकनिक मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक मुद्दा पर हंगामा जारी रहल। विधानसभाक कार्यवाही शांतिपूर्ण माहौल मे शुरू भेल। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कँ अपन पक्ष रखबाक लेल समय देलनि। श्री यादव कहलनि जे एसआईआर के लऽकऽ निर्वाचन आयोग संवैधानिक प्रक्रियाक पालन नहि कऽ रहल अछि, एहि लेल एहि मुद्दा पर सदन मे चर्चा होयबाक चाही। एहि बीच, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हस्तक्षेप करैत कहलनि जे एहि मुद्दाक कोनो औचित्य नहि अछि। मानसून सत्रक बाद चुनाव होयवला अछि। एहि लेल सत्रक बाकी बचल दिन मे विधायी काज शांतिपूर्ण ढंग सँ होयबाक चाही।

एम्हर, मुख्यमंत्रीक वक्तव्यक बाद राजदक भाई वीरेन्द्र आपत्तिजनक टिप्पणी कयलनि। एहि पर विधानसभा अध्यक्ष नंदाकिशोर यादव हुनका सँ खेद प्रकट करबाक लेल कहलनि। अध्यक्ष कहलनि जे जा धरि ओ अपन टिप्पणीक लेल खेद प्रकट नहि करताह ता धरि सदनक कार्यवाही नहि चलत। एहि बीच, पक्ष आ विपक्ष विधायक लगातार हंगामा करैत रहलाह। एकरा बाद विधानसभा अध्यक्ष सदनक कार्यवाही दुपहर दू बजे धरिक लेल स्थगित कऽ देलनि। ओतहि, भोजनावकाशक बाद सेहो हंगामा आ शोर शराबा जारी रहला पर अध्यक्ष काल्हि पूर्वाह्न एगारह बजे धरिक लेल कार्यवाही स्थगित कऽ देलनि। विधान परिषद मे सेहो एसआईआर पर विपक्षी सदस्य लोकनिक हंगामाक कारण कार्यवाही दिनभरि बाधित रहल।

---

एम्हर, लोकसभा आ राज्यसभाक कार्यवाही सेहो बिहार मे विशेष गहन पुनरीक्षण आ आन मुद्दा सभ पर विपक्षी सदस्य लोककिन नारेबाजीक बीच काल्हि धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। लोकसभा मे प्रश्नकालक दरमियान सेहो विपक्षी सदस्य लोकनिक हंगामा चलैत रहल।

———————————————————————————————————

केन्द्रीय रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि अछि जे पछिला एगारह वर्ष मे बिहार के रेल परियोजना सभक लेल देल जायवला बजटीय आवंटन मे नओ गुना वृद्धि कयल गेल अछि। लोकसभा मे एक प्रश्नक उत्तर दैत श्री वैष्णव कहलनि जे एगाहर वर्ष पहिने बिहार मे रेलवेक वार्षिक बजट मात्र एक हजार एक सय बत्तीस करोड़ टाका छल आ एखन ई बढि कऽ दस हजार करोड़ टाका भऽ गेल अछि।

———————————————————————————————————

केन्द्र सरकार आइ कहलक जे बिहार मे आकाशवाणी आ दूरदर्शनक प्रसारण संबंधी बुनियादी ढांचाक आधुनिकीकरणक लेल लगभग उनहत्तरि करोड़ टाका खर्च कयल जा रहल अछि। बिहार स्थित आकाशवाणी केन्द्र सभक लेल चौंसठि करोड़ छप्पन लाख टाका जखनकि दूरदर्शनक केन्द्र सभक लेल चारि करोड़ एकतीस लाख टाका स्वीकृत भेल अछि। लोकसभा मे भाजपाक जनार्दन सिंह सिग्रीवालक एक प्रश्नक लिखित उत्तर मे सूचना आ प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे एहि आधुनिकीकरण प्रक्रियाक तहत प्रसारण संबंधी उपकरण सभक डिजिटलीकरण आ आधुनिकीकरण कयल जा रहल अछि आ पुरान सिस्टम केर स्थान पर नव व्यवस्था बहाल कयल जा रहल अछि। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे स्टूडियो आ ट्रांसमीटरक सेहो उन्नयन अछि आ नव तकनिकक शुरूआत कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————————————

देशभरि मे आइ  राष्ट्रीय प्रसारण दिवस मनाओल जा रहल अछि। आजुके दिन वर्ष उन्नैस सय सत्ताईस मे देश मे पहिल रेडियो प्रसारण, इंडियन  ब्रॉडकॉस्टिंग कंपनीक बॉम्बे स्टेशन सँ शुरू भेल छल। ई दिवस भारतक विकास, शैक्षिक प्रसार आ सांस्कृतिक संरक्षण मे प्रसारणक महत्त्वपूर्ण भूमिका के उजागर करबाक लेल मनायल जाइत अछि। आठ जून उन्नैस सय छत्तीस के इंडियन स्टेट ब्रॉडकॉस्टिंग सर्विसक नाम बदलि कऽ ऑल इंडिया रेडियो—एआईआर कऽ देल गेल अछि आ फेर बाद मे एकर नाम आकाशवाणी राखल गेल।

———————————————————————————————————

पुलिस महानिदेशक विनय कुमार कहलनि अछि जे अधिकृत अधिकारी लोकनिक अलावा कोनो पुलिस अधिकारी मीडिया कैँ वक्तव्य नहि देत। एहि संबंध मे जारी आदेश मे कहल गेल अछि।

———————————————————————————————————————

मधुबनी बासोपट्टी थाना क्षेत्र अंतर्गत भारत–नेपाल सीमा पर भारत मे अनाधिकृत रूप सँ प्रवेश कऽ रहल संदिग्ध सभक संग एसएसबी जवान लोकनिक झड़प भऽ गेल। विरोध कऽ रहल लोक चेकपोस्ट पर पथराव कऽ देलक। उपद्रवी सभ एसएसबी जवान सँ हथियार छिनबाक कोशिश सेहो केलक, जकरा विफल करबाक लेल जवान लोकनिक फायरिंग में एक व्यक्ति घायल भऽ गेल।

———————————————————————————————————————

कोसी नदीक जलस्तर मे वृद्धि सँ सुपौल जिलाक निचला इलाका सभ मे बाढ़िक संभावना बढि गेल अछि। एहि लेल प्रशासन अलर्ट अछि।

———————————————————————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार राज्यक उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्व भाग सभ मे किछु ठाम छोड़ि कऽ आन स्थान सभ पर मौसम शुष्क बनल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान दरभंगाक घनश्यामपुर मे सभ सँ बेसी चौरासी दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पटना समेत प्रदेशक दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग सभ मे कतेको ठाम पानि–बिहारिक आशंका अछि। एहि दरमियान किछु ठाम ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————————————————————————

समाप्त